

## Avi pou vwayajè kap antre

Nou regret nou oblige sezi tout atik agrikòl ki nan efè w. Atik sa yo pa ka rантre Etazini paske ladan yo ka gen maladi ak ensèk nuizib pou bète ak pou plant. Atik yo fè entèdiksyon antre Etazini se vyann, fwi, legitim, plant, tè epi pwodui ki fèt ak materyèl ki sot nan bète oswa plant.

Maladi agrikòl ak ensèk nuizib agrikòl se menas pou rekòt manje Etazini ak pou betay peyi a. Gen nan yo ki se de maladi ki atrapan anpil e ki ta ka koze gwo domaj ekonomik pou endistri elvaj nan peyi a, gwo pèt nan pwodiksyon ki ta mennen

ogmantasyon pri vyann ak pwodui letye yo. Gen dòt ensèk nuizib menm ki pral diminye vale pwopriyete yo nan domaj yo pral fè nan jaden yo, sou plant yo, sou pyebwa e menm nan kay yo.

Yo detwi atik ki sezi yo nan lokal ki prevwa pou sa nan USDA (Depatman Agrikilti Etazini). Vwayajè ki ta vle gen plis enfòmasyon ka ale nan sit entènèt APHIS la (Sèvis Enspeksyon Sante Plant ak Sante Bèt nan USDA). Adrès sit la se [www.aphis.usda.gov](http://www.aphis.usda.gov). Li ka telephone sèvis la tou nan 1-866-SAFGUARD. Si ou ta gen nenpòt ki kesyón, silvouplè ekri APHIS Plant Protection and Quarantine Port Operations Staff, 4700 River Road, Unit 60, Riverdale, MD, 20737, USA.



Depatman Agrikilti ameriken (USDA) entèdi ankenn diskriminasyon baze sou ras moun, koulè, peyi oriijin, seks, relijiyon, laj, andikap, opinyon politik, tandans seksuèl, stati familial fèt nan pwogram li yo ak nan aktivite li yo. (Tout baz yo pa aplike pou tout pwogram yo.) Moun andikape ki ta bezwen jwenn enfòmasyon sou pwogram nan nan lòt mwayen (Braille, gwo karaktè, kasèt odyo, etc.) ta dwe kontakte Sant USDA TARGET la nan (202) 720-2600 (telefòn sa a fonksyone ak vwa epitou li ofri sèvis pou moun soud).

Pou pote plent pou diskriminasyon, ekri USDA, Director, Office of Civil Rights, Room 326-W, Whitten Building, 1400 Independence Avenue, SW, Washington, DC 20250-9410, USA, oswa rele (202) 720-5964 (telefòn ak vwa epi ak sèvis pou moun soud). USDA ofri tout moun menm sèvis la ak menm opòtinite travay.